# “SA XALAT ñor na ñu,

## FI SA KËR LA.

**¡BOKKAL!**
Ñëwal ñu bokk si ñun ñép”

AJUNTAMENT DE VALÈNCIA
CONSELL LOCAL D'IMMIGRACIÓ I INTERCULTURALITAT

# CLII

BANXAS LÉRAL BI FI NÉKK CI WALUM DOXANDÉM AK JOKKO CI XÉT YI

Bu ñi jitté Valencia

## Ñan ñoy wa CLII bu ñi jitté Valencia?

Banxas bi fi nékk ci walu doxandém ak jokko ci walu askan ñu koy wowé **CLII,** moy banxas biy liggéy ci jëflanté ci walum doxandém ak walum jokalanté ci cosan yi. Ñi koy doxal boloo ci bén waxtan ci bir CLII wala ci bir ay jotayu liggéy, ci fann yi:

- **Jitté kép kuy doxandém ci bir valencia.**
- **Di xamlé ak taxawal ñi jitté valencia, di ko déf ci japalanté ak ci suqali tukki ak walum doxadém.**

Fi muy taxawo moy bir gox gui té mu don liggéyu ñi jitté valencia.

## Noy bokké ci bir CLII?

Mbotay yi bëggë bokk ci bir CLII, da ño wara bind ci internetu ñi jitté valencia mu and ak kayit yi ñu lay laj.

**Fi ngay yoné sa bataxal:**

**https://sede.valencia.es/sede/registro/procedimiento/NC.NC.10**

## Lu tax a joog CLII?

**Wutt bërëp sotanté xalat ak taxaway** diggënté ñi jitté valemcia ak bén kurél buy taxawu doxandém ak jokko ci walum cosan.

**Térël ay doxalin yuy bolé askan, dëk ci jam ak di saytu xébaté,** xéx bañanté, xéx bañanté xétt ci ñép ha ci bir liggéyukay yi.

**Liggéy ci ñép féx, toloo ay sañ-sañ ak waréf** ha kép kuy doxandém guis ci bopam.

**Yombal ak dëggël bokku mbotay yép** ak kép kuy suqali ak japalé doxalin yi y bolé ci dëkk ci jam.

**Japalé** jëf yi y bolé jokalanté askan yi ak waxtan ngir ñép **nangu né wuté wuté yi lu am solo la ci ñi ak adda yi** wala mu don li gënë rëy ci dëkk ci jam ci bir valencia.

## Kayit yi ñuy laj:

- Li taxa jogg sa mbotay.
- Lim bi ñuy xamé sa mbotay (CIF).
- Kayit biy woné né sa mbotay ñi jitté valencia wala ñi fi nékal ngur gi xam nañ sa mbotay.
- Kayit biy woné né ñiy doxal sa mbotay bi nangu nañ bokk ci bir CLII.
- Kayit biy woné yëngu-yëngu mbotay bi ci att mi wés.

*Bu ñu jangaté liñ laj yép, ñi jitté CLII ci sén jotay di nañ wax ndax bolé nañ sa mbotay wala dét ci bir CLII.*

**FI NGA MËNË GISÉ AK ÑOM:**
**CAI.** CENTRO DE ATENCIÓN A LA INMIGRACIÓN. (BËRËP BI ÑUY DALALÉ KÉP KUY DOXANDÉM)
C/ Pozo, s/n.

**SO BËGGË YENËN LËRAL:**
**consejoinmigracion@valencia.es**
**(+34) 962087430/33**